

## IX. PAKEMAN BASA

### A. TUJUAN PEMBELAJARAN

Mahasiswa mibanda pangaweruh anu jugala ngeunaan pakeman basa (idiom) dina basa Sunda katut pangajaranana. Tujuan husus anu kudu kahontal tina ieu pangajaran, nya eta mahasiswa mampu:

- (1) ngeceskeun watesan pakeman basa;
- (2) ngeceskeun wanda pakeman basa.

### B. AMBAHAN BAHAN AJAR

Bahan ajar anu bakal dipidangkeun dina ieu lawungan atawa pajemuhan patali jeung opat perkara kayaning (1) watesan pakeman basa, (2) wanda pakeman basa. Wincikan tiap-tiap bahan ajar dibabarkeun di handap ieu.

#### 1. Watesan Pakeman Basa (Idiom)

Istilah pakeman basa sok disebut *idiom*, asalna tina basa Yunani *idios* hartina ‘has, mandiri, husus, pribadi’. Pakeman basa nya éta wangunan basa anu husus tur mandiri sarta harti nu dikandungna teu bisa dihartikeun sajalantrahna nurutkeun harti tata basa. Contona: pakeman basa *gede hulu* ngandung harti ‘sombong, ria, ujub, takabur’, beda jeung harti unsur-unsurna boh unsur *gede* boh unsur *hulu*.

#### 2. Wanda Pakeman Basa

Dina basa Sunda aya rupa-rupa ungkara atawa kecap anu kaasup kana pakeman basa, di antarana, (1) babasan, (2) paribasa, (3) rakitan lantip, (4) kecap kiasan, (5) cacandran, (6) uga, (7) candrasangkala, jeung (8) repok. Jaba ti eta, pakeman basa teh bisa mangrupa gaya basa (Sudaryat, 1991:114-117).

##### a. Babasan

Babasan nya éta ungkara winangun kecap (kantétan) atawa frasa anu susunanana geus matok tur ngandung harti injeuman, contona:

- *ngaburuy* ‘nyaneut henteu jeung lalawuhna’

- *siduru isuk*: ‘nyunatan budak teu maké raraméan, sarta teu ondang-ondang.’
- *hampang birit*: ‘teu hese atawa teu kaléked dititah’

### **b. Paribasa**

Paribasa nya éta ungkara winangun kalimah atawa klausa anu kekecapan katut susunanana geus matok, maksudna geus puguh, biasana ngandung harti babandingan minangka siloka lakuning hirup manusa, contona:

- *Ari umur tunggang gunung, angen-angen pecat sawed.*  
Hartina ‘Ari umur geus kolot, tapi kalakuan kawas budak ngora keneh’.
- *Mun diarah supana, kudu dipiara catangna.*  
Hartina ‘Jelema anu diarah tanagana, kudu dipikanyaah jeung diburuhan’.

### **c. Rakitan Lantip**

Rakitan lantip nya éta susunan kecap anu dihartikeun ku kabiasaan make dadasar kalantipan, contona:

- *Cing pamiceunkeun tampolong!*: ‘anu dipiceun téh eusina, lain tampolongna’.
- *Emh, seungit nu ngagoréng bawang*: ‘anu seungit téh lain nu ngagoréngna, tapi goréng bawangna’.

### **d. Kecap Kiasan**

Kecap kiasan nya éta kecap anu hartina dipapandekkeun kana harti kecap séjén, atawa ngandung harti konotatif.

- *Ari geus maju mah maké wani nincak sagala manehna téh.*
- *Ih, ulah sok ngahampas ari ka batur téh!*

### **e. Cacandran**

Cacandran nya éta panataan kana pasipatan tempat anu dibalibirkeun, contona saperti ieu di handap.

- *Sukapura ngadaun ngora.*
- *Cianjur katalanjuran.*
- *Bandung heurin ku tangtung*
- *Sumedang ngarangrangan*

#### f. Uga

Uga nya éta tujuman anu aya patalina jeung parobahan penting babakuna parobahan kaayaan nagara (daérah), contona:

*Sunda nanjung mun pulung geus turun ti Galunggung.*

*Sunda nanjung mun nu pundung ti Bandung ka Cikapundung geus balik deui.*

*Pulo Jawa kaeréh ku kulit kuning lilana saumur jagong.*

#### g. Caturangga

Caturangga nya éta pakeman basa anu nuduhkeun tanda-tanda pikeun mikanyaho hadé goréngna watek kuda mun diingu.

- (1) *Satria Tinayungan* (pinayungan) nya éta watek kuda anu hadé, matak mulya ka nu ngingu; tandana kukulinciran dina tonggong handapeun sela beulah katuhu.
- (2) *Sekar panggung* nya éta watek kuda anu hadé, mawa rahayu ka nu ngingu; tandana bulu suku kuda ti handap nepi kana tuurna. Opatanana bodas.
- (3) *Sumur Bandung* nya éta watek kuda anu hadé, matak loba rizki; tandana aya kulinciran dina tarang kuda.
- (4) *Wisnu murti* nya éta watek kuda anu hadé, tandana bulu kuda hideung meles.
- (5) *Buaya ngangsar* nya éta watek kuda goréng, dibawa meuntas dina *parung* sok depa dina *leuwi* sok palid; tandana kukulinciran dina beuteung beulah tukang.
- (6) *Tumpur ludes* nya éta watek kuda anu goréng, matak sangsara ka nu ngingu; tandana kukulinciran dina beuteung beulah hareup.
- (7) *Turub layuan* nya éta watek kuda anu goréng, matak pikasieuneun; tandana kukulinciran dina toggong kuda, handapeun séla beulah hareup.

#### h. Repok

*Repok* nya éta tujuman anu aya patalina jeung cara ngayahokeun alus henteuna nasib dua jalma nu rék laki rabi. Ma'na anu dikandungna aya dua rupa nya éta:

- (1) Anu alus ma'nana kayaning: *ratu sabdaning pandita, padaringan kebek, sangga waringin, satria lalaku;*
- (2) Anu goréng ma'nana kayaning: *pisang punggél, lumbung gumulung, jeung tunggak kasemi.*

### **i. Gaya basa**

Gayabasa nya éta rakitan basa anu dipaké sangkan ngahudang pangaruh (efék) anu leleb karasana ka nu maca atawa ngaregepkeun. Contona:

- *Pucuk kiray lir gugupay ka nu paturay.* (Gaya basa mijalma (personifikasi))
- *Gaduh tanah ge mung satapak peucang.* (Gaya basa ngasor (litotes))

### **C. RANGKUMAN**

Pakeman basa (idiom) mangrupa kecap atawa ungkara anu ngabogaan harti has tur mandiri anu beda jeung harti unsur-unsurna. Aya rupa-rupa pakeman basa dina basa Sunda, di antarana, (1) babasan, (2) paribasa, (3) rakitan lantip, (4) kecap kiasan, (5) cacandran, (6) uga, (7) candrasangkala, jeung (8) repok. Jaba ti eta, pakeman basa teh bisa mangrupa gaya basa. Najan kitu, henteu kabeh gaya basa mangrupa pakeman basa atawa sipatna idiomatis. Hartina, aya gaya basa idiomatis aya gaya basa non-idiomatis.

### **D. LATIHAN**

Jawab sakur pananya di handap ieu!

1. Kira-kira naon hartina pakeman dina istilah pakeman basa?
2. Ti mana asalna kecap idiom jeung naon hartina?
3. Tetelakeun tur contoan bedana babasan jeung paribasa!
4. Tetelakeun tur contoan bedana kecap kiasan jeung rakitan lantip!
5. Tetelakeun nu dimaksud ku caturangga tur contoan!
6. Kira-kira naon hartina cacandran “Bandung heurin ku tangtung”?
7. Lebah mana bedana cacandran jeung uga? Jelaskeun!
8. Ari winu murti naon hartina? Jelaskeun!
9. Kira-kira naon hartina repok “sangga waringin”? Jelaskeun!
10. Kagolong kana gaya basa naon kalimah di handap ieu?  
*Gunung Galunggung dikeput ku halimun siga nu keur ngungun bae.*

